



Sa American Cancer Society Vle Pou Nou Fè Pou Nou Kap Detekte Bonè Si Nou Gen Kansè Tete

Dekouvri bonè si nou gen kansè tete se kle pou yon bon tretman. **American Cancer Society** rekòmande tout fanm pou yo swiv 3 etap pwogram yo devlope pou pwoteje yo.

MAMOGRAFI




- Pi bon jan pou w konnen toudswit si w gen kansè se fè yon mamogram chak ane.
- Se pou w fè yon mamogram chak ane si w gen 40 tan osnon si w gen pliske 40 tan.
- Si w gen moun nan fanmi ou ki gen kansè tete, diskite ak doktè w osnon ak nenpòt ki lòt pwofesyonèl ki bay swen sante kilè pou w vini pou yo fè kèk mamografi espesyal ki kap pèmèt yo depiste kansè a bonè.

EKZAMEN KLINIK TETE




- Lè w gen pliske 40 tan, doktè kote ou ale pou w resewa swen sante fèt pou fè pou ou yon ekzamen klinik tete chak ane.
- Lè w gen 20 a 39 van, ou fèt pou fè yon ekzamen klinik tete chak twa zan.

EKZAMINE TETE W POU KONT PA W



- Mande doktè ki swanye w la pou li montre kouman pou w fè pou w sa ekzamine tete w byen pou kont pa w.
- Depi ou gen 20 tan, ekzamine tete w poukont pa w chak mwa.
- Si w dekouvri kèk ti boul, osnon kote ki pidi, osnon si w ta konstate okenn chanjman nan tete w, di doktè w la sa toudswit. Lepisouvan, tiboul nan tete sa yo pa kansè. Men ou pap janm konnen si w pa mande.

Si w ta vle gen plis enfòmasyon osijè kansè tete, osnon si w ta vle gen kèk ti enkyetid osijè kansè tete, e ou ta vle pale ak yon moun ki rive viv ak kansè tete, telefone nimewo telefòn gratis sa nenpòt lè ou vle **1.800.ACS.2345**, osnon al nan paj entènèt sa a **www.cancer.org**.



OU KAP CHANJE ANPIL BAGAY NAN LIT KONT KANSÈ TETE!

American Cancer Society
se pi gran resous ou gen pou:

- Enfòmè sou ris ki gen pou yon moun gen kansè tete, kijan li kap detekte l bonè, ak kouman li kap trete l.
- Sèvis ki kap ede w, osnon ki kap ede yon moun ou konnen nan moman ke la p travèse ak kansè tete.
- Pwogram ki ekziste ki kap di ou menm ak moun ou renmen pouki sa li bon pou moun dekouvri bonè si yo gen kansè tete, depiste l, ak prankonsyans realite kansè tete.
- Opòtinite ki gen pou w sa patisipe nan lit kont kansè tete.

Telefone lajounen kou lannwit
nan nimewo telefòn sa a
1.800.ACS.2345
osnon al sou paj entènèt sa a
www.cancer.org

Nou fè tradiksyon piblikasyon sa a gras a yon asosyasyon ant Healthcare Association of New York State Breast Cancer Demonstration Project™ ak American Cancer Society. Se yon lajan yo fè n kado ki pèmèt nou peye pou tradiksyon piblikasyon sa a. Don sa a fèt dapre Kontra kooperatif Nime(Grant/Cooperative Agreement) wo U57CCU220149-01 ak Healthcare Association of New York State's Breast Cancer Demonstration Project™ ki se yon manm Disease Control and Prevention. Sèl moun ki ekri piblikasyon sa a fèt pou pran tout rezponsabilite pou sa yo ekri a. Pawòl sa yo ki ekri si la a pa nesèsman sa moun ki nan Centers for Disease Control and Prevention yo panse.

The translation of this publication is courtesy of a cooperative effort between the Healthcare Association of New York State's Breast Cancer Demonstration Project™ and the American Cancer Society. The translation of this publication was supported by Grant/Cooperative Agreement Number U57/CCU220149-01 awarded to the Healthcare Association of New York State's Breast Cancer Demonstration Project™ from the Centers for Disease Control and Prevention. Its contents are solely the responsibility of the authors and do not necessarily represent the official views of the Centers for Disease Control and Prevention.